

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Éstétis Dina Kasenian Ulin Barong Di Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblong Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII”. Ieu panalungtikan nyoko kana ajén éstétis. Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif kalayan studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, nya éta gambaran umum tempat panalungtikan, asal-muasal kasenian Ulin Barong, prak-prakan kasenian Ulin Barong, ajén éstétis kasenian Ulin Barong, unsur-unsur seni nu nyangkaruk dina kesenian Ulin Barong, sarta luyu henteuna dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

Kasenian Ulin Barong mimiti aya di Kalurahan Sékéloa dina taun 1901. Bapa Mohamad Tarwi, Bapa Abo, jeung Abah Suryadi Karta nya éta tilu inohong nu mekarkeun kasenian Ulin Barong nu aya di Kalurahan Sékéloa. Pintonan kasenian Ulin Barong kabagi jadi tilu tahap nya éta tahap tatahar, tahap midangkeun, jeung tahap pamungkas. Tahap kahiji nya éta tatahar nu dilakukeun saméméh pintonan nu miboga tujuan sangkan pintonan kasenian Ulin Barong lumangsung kalayan lancar. Sabab kasuksésan hiji pintonan bisa ditilik tina tahap mimiti, ku cara ngayakeun latihan saméméh pintonan. Tahap kadua nya éta tahap midangkeun kasenian Ulin Barong. Tahap katilu nya éta tahap pamungkas

Kiwari kasenian Ulin Barong miboga fungsi salaku sarana pikeun hiburan. Dina kanyataanana, kasenian tradisional hususna kasenian Ulin Barong geus jarang dipintonkeun sabab geus kadéséh ku kasenian modéren. Sesepeuh kasenian Ulin Barong narekahan sangkan kasenian ulin barong henteu dipopohokeun ku masarakatna, ku cara ngarobah kasenian Ulin Barong luyu jeung kamekaran jaman. Parobahan kasenian Ulin Barong teu ngaleungitkeun identitas sarta ciri has tina kasenian Ulin Barong.

Unsur seni nu nyampak dina kasenian Ulin Barong nya éta unsur gerakan, tatabeuhan, sair lagu, sarta kostum mangrupa ciri yén kasenian Ulin Barong

Ai Karlina, 2015

**AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN ULIN BARONG
DI KALURAHAN SÉKÉLOA KACAMATAN COBLONG KOTA BANDUNG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

miboga kaéndahan nu bisa ditilik tina harmonisasi antar unsur-unsurna. Gerakan dina kasenian Ulin Barong mangrupa gerakan nu luyu jeung pola tatabeuhan nepi ka ngahasilkeun harmonisasi. Gerakan dina kasenian Ulin Barong di antarana nya éta, suliswa, nonjok, nahan, pamacan jeung pamonyét. Kostum nu dipaké dina kasenian Ulin Barong miboga fungsi pikeun kaéndahan. Tatabeuhan nu luyu jeung pola bakal ngahasilkeun harmonisasi antara tatabeuhan upama dini'matan ku alat pangrungu. Sair nu digunakeun dina kasenian Ulin Barong nyangaruk ajén éstétis upamana ditilik tina téma, nada, jeung amanatna.

Ajén éstétis murni nu katitén dina kasenian Ulin Barong nya éta aya dina wangun gerakan kasenian Ulin barongna sorangan, sedengkeun ajén ékstra éstétis nyampak dina dedeg pangadegna manusa, alam jeung sasatoan nu aya dina kasenian Ulin Barong. Minangka lajuning laku tina analisis ajén éstétis, pedaran kasenian Ulin Barong dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Bahasan kasenian aya dina SKKD Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan 2006 nu aya di SMA kelas XII. Ku kituna, ajén éstétis dina kasenian Ulin Barong dijadikeun téks pikeun bahan ajar maca.

5.2 Rékoméndasi

Sawatara saran atawa rékoméndasi disusun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nya éta mahasiswa nu rék nalungtik, seniman kasenian Ulin Barong, pamaréntah, masarakat jeung guru.

Mahasiswa nu rék nalungtik kasenian Ulin Barong dipiharep bisa leuwih lengkep dina ngadokuméntasikeun pagelaran kasenian Ulin Barong sorangan. Mahasiswa nu rék nalungtik ieu kasenian ogé dipiharep bisa leuwih imeut dina ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikan, sabab dina ieu kasenian masih beunghar ku ajén-inajén nu séjénna.

Seniman kasenian Ulin Barong, hadena dihijikeun dina hiji tempat. Misalna ngabangun sekreteriat pikeun sumber informasi, tempat nyimpen waditra jeung kostum, sarta tempat koordinasi antar pamaénna sorangan. Jadi, kasenian Ulin Barong leuwih kaorganisasi dina hiji tempat. Seniman kasenian Ulin Barong ogé alusna ngayakeun latihan rutin di Kalurahan Sékéloana sorangan sangkan lamun

Ai Karlina, 2015

**AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN ULIN BARONG
DI KALURAHAN SÉKÉLOA KACAMATAN COBLONG KOTA BANDUNG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aya nu ngondang maén teu ngadadak néangan pamaén jeung latihan heula. Ku kituna, kudu aya latihan rutin jeung muguhkeun anggota, sarta dipiharep kasejahteraan unggal grup leuwih walatra.

Pamaréntah dipiharep bisa ngadokuméntasikeun kabudayaan daérahna sorangan sangkan ka hareupna bisa dijadikeun arsip daérah. Salian ti kitu dipiharep ogé arsip-arsip kabudayaan bisa disusun sacara rapih jeung lengkep., sabab informasi nu mimiti ditéang ku panalungtik nya éta data ti Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata heula. Salian ti éta, pamaréntah kudu merhatikeun kasejahteraan seniman-seniman nu ngariksa kabudayaan daérahna. Hadéna mah nyieun Perda nu ngatur ngeunaan kasejahteraan seniman.

Masyarakat bisa ngaprésiasi jeung wanoh kana kasenian daérahna sorangan. Salah sahijina ku cara nanggap ieu kasenian dina acara-acara gedé. Ku cara kitu, masyarakat bisa ngabantu dina ngawanohkeun ieu kasenian ka nu séjén. Sacara teu langsung ogé geus ngamumulé ieu kasenian sangkan teu leungit.

Pikeun guru, ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngadeudeulan matéri pangajaran ngeunaan bahasan budaya nu luyu jeung bahan ajar nu disadiakeun dina bab IV.